



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO ETID SOU SIVEYANS LÈ GLOBAL NAN SOUTH END ALBANY AN

*Etid sou Kalite Lè sa a se Premye jan de Etid konsa, I ap Evalye Polyan ki nan Lè yo ak Sous Degajman Potansyèl yo pou Pwoteje Sante Piblik la*

*Investisman 500,000 Dola k ap soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Fund) ap Sipòte Rechèch Enpòtan pou Pwoteje Kominote Jistis Anviwonmantal la*

Jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse lansman yon pwogram siveyans kalite lè a pandan yon ane k ap fèt nan South End Albany an. Etid sou Kalite Lè nan South End Albany an pral itilize ekipman modèn depwent pou founi yon kad global sou nivo polyan lè yo epi idantifye sous k ap degaje yo. Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC) te konsepsyone Etid la epi yo te konsidere opinyon ak patisipasyon rezidan kominote yo.

“Etid la pral ede pwoteje sante piblik la ak sekirite kominote a epi sipòte efò pou asire gen jistis anviwonmantal pou tout Nouyòk”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa a se yon lòt pa annavan anvè yon New York ki pi pwòp, ki pi vèt pou tout moun.”

**Delege pa Entèrim Depatman Pwoteksyon Anviwonmantal, Basil Seggos te deklare:** “Atravè lidèchip Gouvènè Cuomo a ak investisman 500,000 dola sa a pou siveye kalite lè nan South End Albany an, DEC ap konsantre l sou efò n ap fè pou nou pwoteje sante piblik la, an patikilye nan kominote jistis anviwonmantal nou yo. Lè nou fè patenarya ak rezidan lokal yo, premye jan de etid konsa k ap fèt nan New York sa a pral founi yon meyè konpreyansyon sou kalite lè nan katye sa yo, epi gide inisyativ pou pwoteje lè nan kominote sa yo ak atravè tout eta a alavni”.

Etid la pral evalye polyan lè yo ki gen ladan degajman bennzèn ak dizèl, epi kolekte detay san presedan sou nivo polyan patikilye yo asosye prensipalman ak sous mobil yo nan kominote a epi ede yo idantifye sous k ap degaje yo. Etid la ap itilize ekipman modèn depwent, ki gen ladan yon refij siveyans fiks k ap loje enstriman pou mezire matyè patikilè, gaz chimik, ak vitès ak direksyon van an 24 è pa jou pou yon ane antye. Etid siveyans lan pral gen ladan tou yon rezo echantiyonè entansif pou bennzèn, epi y ap itilize yon ekipman siveyans pòtatif pou yo pran echantinyon nan chak ri youn apre lòt pou yo mezire degajman dizèl.

Manm kominote yo ap jwe yon wòl entegral nan etid sa a epi yo pral ede mennen egzèsis siveyans lè pòtab la toupatou atravè zòn lan. Nan kòmansman mwa sa a, elèv lekòl elemantè an segondè ki fè pati Pwogram Antre nan Lasyans ak Teknoloji a (Science and Technology Entry Program) te pran mezi kalite lè a ak syantifik DEC yo. Pwogram Antre nan Lasyans ak Teknoloji a se yon pwogram ki nan Inivèsite Albany an ki gen obektif pou ogmante kantite etidyan ki pa gen ase reprezantasyon istorikman epi ki an yon dezavantaj ekonomik nan pwogram lan pou yo ka pouswiv karyè nan Teknoloji Syans Jeni ak Matematik yo. Anplis de sa, DEC te òganize yon jounen atizay nan Bibliyotèk Piblik Albany an pou enspire jèn lokal yo pou yo kreye imaj orijinal de anviwonman, epi yo te ajoute imaj sa yo nan nouvo estasyon siveyans lan.

Nan diskou Eta Eta a ane sa a, Gouvènè Cuomo te pwopoze 2 milyon dola pou sible siveyans lè ak atenyasyon nan kominote jistis anviwonmantal yo. Etid sou Kalite Lè nan South End Albany an pral sèvi kòm yon modèl pou etid ak kolaborasyon kominotè yo alavni.

Etid sa a k ap dire yon ane a ap ajoute sou efò DEC te deja fè avan nan South End lan yo. DEC te lanse yon etid depistaj sou lè a an 2014, epi siveyans kalite lè a te gen ladan siveyans pou silfi Idwojèn epi yo te lanse yon rezo kontwòl lè toksik yo nan kominote a an 2015. DEC te ogmante kantite enspeksyon yo te fè nan veyikil ak nan enstalasyon yo nan kominote a nan kad Operasyon Eko-Kalite li a (Operation Eco-Quality).

DEC pral kontinye kenbe kominote a okouran pandan tout dire etid la epi l ap òganize prezantasyon kominotè lendi 7 Out la a 6 è pm nan lekòl Albany Charter High School la ak mèkredi 9 Out, a 6 è pm, nan Sal Kominotè Ezra Prentice la (Ezra Prentice Community Room).

Rezidan kominote yo ki ta vle fè volontarya oswa ki gen kesyon yo ka voye imèl nan [Dar.web@dec.ny.gov](mailto:Dar.web@dec.ny.gov) oswa rele 518-402-8508.

**Senatè Neil D. Breslin te di,** “Etid sou Kalite Lè nan South End Albany an se yon etap pozitif anvè jistis anviwonmantal. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, Komisè Seggos, DEC ak rezidan kominote yo pou patisipasyon yo”.

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** “Mèsi Gouvènè Cuomo ak Komisè Seggos paske nou ap demontre angajman Eta pran pou l pwoteje kominote South End lan atravè pwogram siveyans lè pandan yon ane sa a. Sak pi enpòtan ankò, pwogram siveyans sa a pral reponn a preyokipasyon rezidan yo te eksprime yo epi l ap reponn nan yon fason dirèk a pwobèm yo te prezante pandan plizyè diskisyon kominotè ki te fèt yo. Mwen atann pou nou kontinye kite liy kominikasyon yo ouvè ant tout pati konsène yo epi pou nou kontinye travay ansanm pou nou asire jistis anviwonmantal egziste pou komite Ezra Prentice la ak kominote South End lan”.

**Egzekitif Konte Albany an, Daniel P. McCoy, te di,** “Lansman pwogram siveyans sa a se yon bagay mwen te sipòte depi lontan epi mwen te mande pou te fèt kòm yon fason pou nou pwoteje rezidan nan South End Albany yo. Mwen kontan anpil DEC ap fè

vanse etid sa a an kolaborasyon ak moun ki te afekte yo. Nou te asire moun yo pa sibi enpak negatif sikilasyon tren yo ap kontinye poze nan zòn lan”.

**Kathy Sheehan, ki se Majistra Vil Albany, te deklare,** “Pandan twazan ki sot pase yo, mwen te travay ak Manm Konsèy Minisipal Dorcey Applyrs ak Vivian Kornegay, ansanm ak manm nan kominote a yo, pou nou idantifye solisyon ki pral amelyore sante ak byenèt rezidan South End Albany yo. Etid sou kalite lè sa a se pwochen etap nan efò pou nou reponn a pwoblèm k ap afekte kalite lavi pou sila yo k ap viv nan katye ki afekte yo. Mwen byen akeyi efò inovatè sa a Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la ap fè yo epi mwen atann pou nou gen bon rezilta”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418